Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 12.6 MILYON DOLA POU PWOJÈ LOJMAN SIPÒ YO NAN BROOKLYN AK BUFFALO

Finansman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a pral kreye 73 inite lojman sipò pèmanan

Pwojè yo pral bay sèvis sipò ak estabilite lojman pou veteran, moun ki gen pwoblèm avèk itilizasyon sibsans ak maladi mantal ki grav

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 12.6 milyon dola nan finansman eta a te bay pou pwojè yo nan Brooklyn ak Buffalo ki pral bay lojman sipò pèmanan pou Nouyòkè ki nan sitiyasyon sanzabri yo. Pwojè sa yo, ki jwenn soutyen Pwogram Eta New York la pou Lojman ak Asistans pou Sanzabri, pral bay 73 inite lojman sipò pèmanan siplemantè pou sèvi veteran, moun ki gen yon istorik twoub itilizasyon sibstans ak moun ki gen maladi mantal grav.

"Tout Nouyòkè yo merite diyite ak sekirite yon bon kay—espesyalman sila ki vilnerab yo ak sila yo ki te sèvi peyi nou an avèk onè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo, tankou anpil lòt yo ki jwenn soutyen pwogram sa a, pral bay sèvis enpòtan ke moun ki nan sitiyasyon sanzabri yo kapab itilize pou brize modèl ensekirite lojman an. Isit la nan New York, nou pran swen youn lòt epi pwojè sa yo se yon manifestasyon angajman sa a".

Pwojè ki apwouve yo gen ladan Vilaj Manhattan, yon devlopman 23.4 milyon dola nan Buffalo ki pral bay 66 inite lojman nan pri abòdab, sa gen ladan 33 inite lojman sipò pèmanan pou moun ki gen twoub itilizasyon sibstans oswa maladi mantal grav. Pwojè a, ki devlope pa BestSelf Behavioral Health Inc., ap resevwa 6.1 milyon dola ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri epi depans operasyonèl yo atravèinisyativlojmanEmpire State la.

Epitou, yon devlopman 39.6 milyon dola ak 66 inite nan Brooklyn ki pral bay 40 inite lojman sipò pou moun ki gen maladi mantal grav ak veteran yo te jwenn apwobasyon. Pwojè a, ki devlope pa Concern for Independent Living, Inc., gen ladan 40 inite lojman sipò pèmanan epi ap resevwa 6.4 milyon dola ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri ak Pwogram Asistans ak depans operasyonèl yo atravè inisyativlojman sipòEmpire State la.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ap jere a, mete disponib 128 milyon dola nan finansman kapital pou pwojè yo pou konstwi inite lojman sipò oswa pou repare abri dijans. Jiskaprezan nan ane sa a, pwogram lan te deja repati prèske 25 milyon dola pou uit pwojè ki pral kreye oswa prezève 213 inite lojman sipò ak repare abri dijans yo nan tout eta a. Ane pase, pwogram lan te bay finansman pou 30 pwojè ki ta pral ajoute 881 inite lojman sipò ak repare abri dijans yo.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) Eta New York la, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsonèl OTDA.

Atravè pwogram sa a, Eta New York afekte plis pase 1.2 milya dola pou devlopman lojman sipò. Ototal, pwogram nan kreye plis pase 22,000 inite lojman, pou sipòte moun ak fanmi k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU